QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ
BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Nókis qalası, 230100, A.Dosnazarov k. 62
Tel: (0-361) 222-24-37, 222-95-20: www.kkedu.uz,e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

"23" – aprel 2021-j

№ 01-02/01- 2123

**Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасына**

Сизиң 2021-жыл 07-апрельдеги 9/4-123888/21-санлы хатыңызға, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 07-апрельдеги 90-санлы буйрығы тийкарында исши топар дүзилип Қоңырат районы Мыңжарған мәҳәллеси 1-жай 12-ханада жасаўшы пуқара Балтабаева Наргизаның ҳәм Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 48-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң лобаранты И.Абдиганиевалардың жоллаған мүрәжатлары бойынша Қоңырат районлық Халық билимлендириў бөлимине қараслы 48-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде үйрениў жумыслары алып барылды.

Исши топар тәрепинен мүрәжат тийисли тәртипте, ҳәр тәреплеме толық үйренилип шығылып, үйрениў жуўмағы бойынша мағлыўмат таярланды. (Мағлыўмат қоса тигиледи).

2021-жыл 21-апрель күни Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигинде, Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 48-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң хызметкерлери Н.Балтабаева ҳәм И.Абдиганиеваның 2021-жыл 7-апрель күни Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасына жоллаған мүрәжатларын үйрениў жуўмақлары бойынша жыйналыс өткерилди. (Жыйналыс баянламасы нусқасы қосымша етиледи).

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 21-апрельдеги 4/4-санлы жыйналыс қарарына тийкарланып, алдын Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2020-жыл 27-ноябрь күнги 61-ИЖ-санлы буйрығы менен Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 181-статьясының 1-бәнти менен **"СӨГИС"** интизамий шарасы берилгенлигин есапқа алып, Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 48-санлы мектеп директоры Х.Худайбергеновке Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 23-апрель күнги 24-ИЖ-санлы буйрығы менен Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 181-статьясының 2-бәнти тийкарында орташа ис-ҳақысының **"30 пайызы"** муғдарында жәрийма салынғанлығын мәлим етип билдиремиз.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Халық билимлендириў министри** **Р.Реимов**

Орынлаўшы: Ж.Раметуллаев
Тел: 8 (361) 222-16-51

# М А Ғ Л Ы Ў М А Т Н А М А

**2021-жыл 09-апрель** **Қоңырат районы**

Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасының 2021-жыл 07-апрельдеги 9/4-123888/21-санлы хаты, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 07-апрельдеги 90-санлы буйрығы тийкарында үйрениў барысында Қоңырат районы Халық билимлендириў бөлимине қараслы 48-санлы улыўма орта билим бериў мектебин үйрениў барасында төмендегилер анықланды:

Арзада көрсетилген: Мүрәжат ийеси Балтабаева Наргиза 2006-жылы Қоңырат аўыл ҳожалығы кәсип-өнер колледжиниң баслаўыш класларда дене 2006-жылы 28-ноябрь күни Қоңырат районы 48-санлы улыўма орта билим бериў мектебине дене тәрбиясы муғаллим болып жумысқа кирген. Ол 2010-жылға шекем мектепте дене тәрбиясы пәни муғаллими болып жумыс ислеген ҳәм 2010-жылдан баслап 2012-жылға шекем мектепте 0,5 штат лаборант болып ислеп, 2012-жылы декрет дем алысына шығып кеткен ҳәм декрети избе-из созылыўы себепли 2019-жылы мектепке жумысқа қайтадан келген. Мүрәжатта, "Мектеп директорымыз Худайбергенов Хамид- сен орта мағлыўматлысаң, оқыўың керек, бизге жоқары мағлыўматлы кадр келди–деп өзиниң ағасының баласы болған Медетов Азизбекке сабақларды алып берилди, кейин еситсем ол да орта мағлыўматлы екен-делинген.

**Ҳақыйқатында да мектеп директоры Х.Худайбергенов орта арнаўлы мағлыўматлы болыўына қарамастан мектепте лаборант болып ислеўши Медетов Азизбекти 2010-жылы 2-сентябрь күни 163-санлы буйрық мектепке дене тәрбиясы пәни муғаллими етип, ал Балтабаева Наргиза мектеп лаборанты етип өткерилген.**

Сондай-ақ мүрәжатте "Мениң менен бирге ислейтуғын дошколный орта мағлыўматлы Махмурова Гулчехраға сабақ ҳәм класс берип қойыпты"-деп көрсетилген. **Махмурова Гулчехра 1996-жыл Нөкис педагогика училищесиниң мектепке шекемги тәрбия қәнигелигин питкерген ҳәм 1999-жылы Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў хызметкерлериниң қәнигелигин арттырыў институтында қайта таярлаўдан өткен.** ***(Г.Махмурованың диплом копиясы ҳәм қайта таярлаўдан сертификаты көширмеси қоса тигиледи)***

Мүрәжатте "Мектеп директоры Х.Худайбергеновтан семья жағдайын айтқанында хожалық ислери бойынша орынбасарының көзинше ўақтынша тех.хызметкер болып ислеп тур, кейинирек январь айында сабақ беремен-деп алдады. Кейин билсем директор мени сипсекеш етип жумысқа алған екен"-делинген. **Бул бойынша анықлық киритkenимизде мектептиң 2019-жыл 3-сентябрьдеги 149-санлы буйрығы менен Құрақбаева Ушығаның орнына мектепке сипсекеш етип жумысқа алынған. Бул бойынша Балтабаева Наргизаның буйрықтың нусқасынан бир дана алғанлығы ҳаққында тил хаты бар.** ***(Г.Балтабаеваның буйрық көширмеси ҳәм тилхатының көширмеси қоса тигиледи)***

Соның менен бирге 2021-жыл 18-март күни мектеп директоры Х.Худайбергенов "Сен жумыстан босадың"-деп хожалық ислери бойынша орынбасарына мектепке жумыска киргизбеўин тайынлаған. **Үйрениў барысында:**

Н.Балтабаеваның өзине тийисли ўайзыпасын атқармағанлығы себепли мектептиң хожалық ислери бойынша орынбасары Р.Реймовтың 2021-жыл 15-март күни мектеп директорына жазған билдириў хаты, оның түсиник хат бериўден бас тартқанлығы ушын дүзилген далалатнама, мектеп кәсиплик аўқамы комитети баслығы Г.Сейтжановаға мектеп директоры Х.Худайбергеновтыңтың мийнет шәртнамасын бийкар етиўге келисим бериўди сорап жазған билдириў хаты ҳәм мектеп кәсиплик аўқамы комитети баслығы Г.Сейтжанованың келисим хаты, Н.Балтабаеваның Өзбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң 100-статьясының 4-бәнтине тийкар мийнет шәртнамасы бийкар болғанлығы ҳаққында мектептиң 2021-жыл 18-март күнги 55-санлы буйрығы, Н.Балтабаеваның мийнет шәртнамасы бийкар болғанлығы ҳаққындағы буйрық пенен танысыўдан ҳәм нусқасын алыўдан бас тартқанлығы бойынша далалатнамалары ҳәм оған мийнет шәртнамасы бийкар болғанлығы ҳаққындағы буйрығы хәм мийнет дәптершесин алып кетиўи бойынша хаты ҳәм оны почта арқалы жиберген 80/109-санлы квитанциялары менен рәсмийлестирилген. Бул жерде мектеп сипсекеши Балтабаева Наргизаның усы күнге шекем ҳеш қандай интизамый жаза алмағанлығы себепли оған Өзбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң 181-статьсы тийкарында интизамый жаза қолланылмастан Мийнет кодексиниң 100-статьсының 4-бәнтине тийкарланып мийнет шәртнамасының бийкар етилген, сондай-ақ Өзбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң 100-статьсының 3-бәнтинде хызметкердиң өз мийнет ўазыйпаларын турақлы түрде бузғанлығы, хызметкер алдын мийнет ўазыйпаларын бузғанлыгы ушын интизамый яки материаллық жуўапкершиликке тартылған яки оған қарата мийнет нызамшылығындағы ҳәм басқада норматив ҳүжжетлерде нәзерде тутылған тәсир шаралары қолланылған күннен баслап бир жыл даўамында хызметкер тәкирарый интизамға бойсынбаған ҳалда ҳәрекет етиўи мийнет ўазыйпаларын турақлы түрде бузыў есапланады. Өзбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң 182-статьсында интизамый жазаны қолланыўда ислеген унамсыз ис ҳәрекети қай дәрежеде аўыр екенлиги, усы ҳәрекет жүзеге келген жағдай хызметкердиң алдыңғы жумысы ҳәм әдеп икрамлығы есапқа алынады-деп көрсетилген.

Сондай-ақ мектеп кәсиплик аўқамы комитети баслығы Г.Сейтжанова 2021-жыл 17-март күни хызметкерди жумыстан босатыў ушын келисим хат берген, тек ғана мектеби директоры, хожалық ислери бойынша директор орынбасары ҳәм Кәсиплик аўқамы комитети баслығы тәрепинен далалатнама дүзилген. Кәсиплик аўқам комитетиниң жыйналысына Н.Балтабаева қатнаспаған.

Мүрәжат ийеси "НМПИ арнаўлы сыртқы бөлиминиң баслаўыш класс қәнигелигинде 2-курс студенти екенлиги бойынша сабақ бериўиме ҳақым барма"-деп көрсеткен. Бул жерде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2005-жыл 21-декабрьдеги 275-санлы қарарының 3-қосымшасының 8-бәнтинде "Жоқары оқыў мәкемесиниң 4-курсында оқып атырған шахслар педагоглық жумысын әмелге асырыў ушын қойылыўы мүмкин ҳәм оларға орта арнаўлы, кәсиплик мағлыўматқа ийе болған тийисли лаўазымдағы хызметкердиң

**базалық тариф ставкасы сыяқлы базалық тариф ставкасы белгиленеди-деп көрсетилген.**

**Усы мағлыўматтың дурыслығына қол қойыўшылар:**

| | | |
|---|---|---|
| - Министрликтиң Улыўма орта билимбериў макемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими қәнигеси, исши топар басшысы; | ____________ | Ж.Раметуллаев |
| - Қанлыкөл районлық 2-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң оқыў ислери бойынша директор орынбасары; | ____________ | Ш. Оспанов |
| - Қоңырат районлық Халық билимлендириў бөлиминиң бас юрис консультанты; | ____________ | Б.Хегай |
| - Қоңырат районлық 48-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң мектеби директоры; | ____________ | Х.Худайбергенов |

# М А Ғ Л Ы Ў М А Т Н А М А

**2021-жыл 09-апрель** **Қоңырат районы**

Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасының 2021-жыл 07-апрельдеги 9/4-123888/21-санлы хаты, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 07-апрельдеги 90-санлы буйрығы тийкарында үйрениў барысында Қоңырат районы Халық билимлендириў бөлимине қараслы 48-санлы улыўма орта билим бериў мектебин үйрениў барасында төмендегилер анықланды:

Арзада көрсетилген: Мүрәжат ийеси Абдугаппарова Индира Аскаровна 2009-жылы Ю.Ражабий атындағы Ташкент педагогика колледжиниң баслаўыш класларда мийнет тәрбиясын шөлкемлестириў ҳәм күни узайтырылған группаларда тәрбиясы қәнигелигин питкерген. Қоңырат районы 48-санлы улыўма орта билим бериў мектебине 2010-жылы 2-октябрь күни китапханашы болып жумысқа кирген. Ол 2013-жылға сентябрь айында декрет дем алысынан келип шығып кеткен ҳәм 2016-жыл сентябрь айында 0,5 штат лаборант етип өзгертилген, 2016-жыл 30-ноябрьде декрет дем алысана жиберилген. ***(Буйрықтың көширмеси қоса тигиледи).***

Мүрәжатте "Мектеп директоры Х.Худайбергенов ҳәр оқыў жылы басында сабақ беремен деген, бирақ орта арнаўлы мағлыўматқа ийе болғанлығы себепли сабақ бермеген. Өз ағасының перзенти 2006-жылы Ю.Ражабий атындағы Ташкент педагогика колледжиниң басланғыш класларда дене тәрбиясы қәнигелигин питкерген иниси Медетов Азизбекти 2010-жылы 2-сентябрь күни 163-санлы буйрық мектепке дене тәрбиясы пәни муғаллими етип жумысқа алған"-делинген. *(Буйрықтың көширмеси қоса тигиледи).* **Медетов Азизбекке 2020-жыл 29-августдағы мектеп педагогикалық кеңесиниң 1-санлы баянламасы қарары менен оған баслаўыш креслардан 19 саат дене тәрбиясы сабағы берилген.**

**Усы мағлыўматтың дурыслығына қол қойыўшылар:**

- Министрликтиң Улыўма орта билимбериў макемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими қәнигеси, исши топар басшысы; ____________ Ж.Раметуллаев
- Қанлыкөл районлық 2-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң оқыў ислери бойынша директор орынбасары; ____________ Ш. Оспанов
- Қоңырат районлык Халық билимлендириў бөлиминиң бас юрис консультанты; ____________ Б.Хегай
- Қоңырат районлык 48-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң мектеби директоры; ____________ Х.Худайбергенов

«Тастыйықлайман»
Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министри
_______ Р.Реимов
«_21_» _Апрель_ 2021-жыл

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигинде, Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 48-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң хызметкерлери Н.Балтабаева ҳәм И.Абдиганиеваның 2021-жыл 7-апрель күни Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасына жоллаған мүрәжатларын үйрениў жуўмақлары бойынша өткерилген жыйналыс**

**БАЯНЛАМАСЫ**
**№_4/4_**

**21-апрель 2021-жыл**

**Нөкис қаласы**

| | |
|---|---|
| **Мәжилис баслығы:** | **Қ.Бекбаулиев** – Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң биринши орынбасары ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы |
| **Қатнасты:** | С.Жуманиязов –Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги кадрлар бөлими баслығы<br>Ж.Раметуллаев – Халық билимлендириў министрлиги қәнигеси, жыйналыс хаткери<br>М.Жуманазаров – Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлими баслығы ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы<br>Б.Хегай – Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлими юристконсульти<br>Х.Худайбергенов - Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлими 48-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директоры |

**Күн тәртибинде:**

1. **Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 48-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң хызметкерлери Н.Балтабаева ҳәм И.Абдиганиеваның 2021-жыл 7-апрель күни Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасына жоллаған мүрәжаты бойынша.**

---

*Қ.Бекбаулиев, С.Жуманиязов,* М.Жуманазаров, Б.Хегай, Х.Худайбергенов *ҳ.т.б*

Жыйналысты Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң биринши орынбасары ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы Қ.Бекбаулиев жыйналғанларды «Рамазан айы» менен қутлықлады ҳәм жыйналысты басқарып барды.

Министрликтиң Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими жетекши қәнигеси, мәжилис хаткери Ж.Раметуллаев исши

топар тәрепинен үйренлиген мағлыўмат пенен жыйналыс қатнасыўшыларын таныстырып өтти.

Министриниң биринши орынбасары ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы Қ.Бекбаулиев сөзге шығып, улыўма билим бериў мектеп директорының лаўазым мәжбүриятлары менен таныстырып, мектепте жумыс барысын дурыс шөлкемлестириў ҳәмде тийисли көрсетпелер бериў, жәмийетте саламат орталықты қәлиплестириў, мектеп жанындағы арнаўлы комиссия жумысларында объективлик, ашықлық әшкаралықты тәмийинлеў ушын шәрт-шараятлар жаратыў керек екенлиги атап өтти. Сондай-ақ, билимлендириў мәкемеси жәмәәти тәрепинен келип түсип атырған мүрәжатлар бойынша мектеп директорының жиберген қәте-кемшиликлерин айтып өтти, яғный мектеп директоры 2010-жылы орта арнаўлы мағлыўматлы муғаллим Балтабаева Наргизаның орнына жоқары мағлыўматлы кадр келди деп қайтадан орта арнаўлы мағлыўматлы, өзиниң ағасының баласы (иниси) Медетов Азизбекти жумысқа қәте алғанлығын айтып өтти. Орта арнаўлы мағлыўматлы Медетов Азизбекке 2020-жылыда 29-августдағы мектеп педагогикалық кеңесиниң 1-санлы баянламасы қарары менен оған баслаўыш класлардан 19 саат дене тәрбиясы сабағы берилген. Ал Балтабаева Наргиза ҳәзирги күнде Нөкис мәмлекетлик педагогика институты арнаўлы сыртқы бөлиминиң баслаўыш класс қәнигелигинде 2-курс студенти, яғный тамамланбаған жоқары мағлыўматлы екенлигин ҳәм бул хызметкердиң дәрежесиниң Медетов Азизбектен жоқары екенлигин айтып өтти. Егер мектепте дене тәрбиясы пәнинен жоқары мағлыўматлы қәниге жетиспесе, ваканцияға қойыў кереклигин, қәниге келемен дегенше Балтабаева Наргизаға да сабақ бериўге болатуғынлығын ескертти.

Буннан соң сөзге министрлиги кадрлар бөлими баслығы С.Жуманиязов шығып, ҳәзирги күнде дене тәрбиясы пәнинен педагоглардың көп екенлигин, ваканцияға берилсе жоқары мағлыўматлы педагог кадр менен тез күнде тәмийинленетуғынлығын айтты. Мектеп директоры тәрепинен хызметкердиң семья жағдайларына қарамастан, ҳеш қандай ескертиўлерсиз, Н.Балтабаеваның өзине тийисли ўайзыпасын атқармады деп таўып, тийисли ҳүжжетлерди топлап 2021-жыл 18-март күнги 55-санлы буйрығы менен Өзбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң 100-статьясының 4-бәнтине тийкарланып мийнет шәртнамасын бийкарлағаны надурыс екенлигин өз сөзинде келтирип өтти.

Министрликтиң Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими жетекши қәнигеси, мәжилис хаткери Ж.Раметуллаев өз сөзинде мектептиң лобаранты И.Абдиганиеваның мүрәжатында да мектепте теңлик орнатып бериўди сорағанлығын, яғный 2009-жылы Ю.Ражабий атындағы Ташкент педагогика колледжиниң баслаўыш класларда мийнет тәрбиясын шөлкемлестириў ҳәм күни узайтырылған группаларда тәрбияшы қәнигелигин питкергенлигин, Медетов Азизбекте 2009-жылы усы колледждиң баслаўыш класларда дене тәрбиясы қәнигелигин питкергенлигин келтирип өткенлигин айтып өтти.

Буннан кейин Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлими баслығының ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы М.Жуманазаров сөзге шығып, ҳақыйқатында да 48-санлы мектеп директоры хызметкерлерди жумысқа қабыл етиў ҳәм жумыстан босатыў, жумыс бөлистириў ўақтында жиберген қате-кемшилиги бар екенлигин ҳәм алдағы ўақытларда итибарлы болыў кереклиги, белгиленген нызам талапларына бойсыныў кереклиги ҳаққында айтып өтти.

Сөзге Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 48-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң директоры Х.Худайбергенов шығып, бул мәселелерди өз тәжирийбесинен келип шығып тез арада сапластыратуғынлығын айтып өтти.

Күн тәртибиндеги мәселелер бойынша билдирилген пикир хәм усынысларды есапқа алып, мәжилис **қарар етеди:**

1. Күн тәртибиндеги мәселелер бойынша Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 48-санлы улыўма орта билим бериў мектебиндеги жоқарыда айтылған мәселелери бойынша министриниң биринши орынбасары ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы Қ.Бекбаулиев, министрлиги кадрлар бөлими баслығы С.Жуманиязовтың, министрлик қәнигеси Ж.Раметуллаев, Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлими баслығының ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы М.Жуманазаров хәм 48-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директорының пикирлери мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 48-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директорының жиберген қәте-кемшиликлери ушын, алдын Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2020-жыл 27-ноябрь күнги 61-ИЖ-санлы буйрығы менен Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 181-статьясының 1-бәнти менен **“СӨГИС”** интизамий шарасы берилгенлигин есапқа алып, тийисли тәртипте белгиленген нызам талапларына тийкарланып гезектеги жаза шарасы қолланылсын.

4. Усы баянламада берилген тапсырмалардың орынланыўын қадағалаў министр орынбасары ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы Қ.Бекбаулиевқа жүклетилсин.

**Хаткер:** **Ж.Раметуллаев**

**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИ**

***БУЙРЫҒЫНАН КӨШИРМЕ***

**24-ИЖ санлы** **Нөкис қ. «23» апрель 2021-жыл**

**Интизамый шара қолланыў ҳаққында**

| | | |
|---|---|---|
| **Худайбергенов Хамидулла Мадетович** | - | Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 48-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директорының хызмет бабында жиберген қәте-кемшиликлери ушын Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 181-статьясының 2-бәнти тийкарында орташа айлық ис ҳақысының **30 пайызы** муғдарында жәриймa салынсын. |

Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлими баслығы ў.ў.а М.Жуманазаровқа;

Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў, буйрықтың көширмеси менен таныстырыў, бир данасын қолына бериў тапсырылсын.

**Тийкары:** Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 21-апрельдеги 4/4-санлы баянламасы ҳәм Х.Худайбергеновтың түсиник хаты.

**Министр** **Р.Реимов**